

Miami Jewish Health

AVI SOU LAVI PRIVE

DAT LI ANTRE ANVIGÈ: 23 Septanm 2013

AVI SA A DEKRI MIAMI JEWISH HEALTH PRATIK SOU LAVI PRIVE HIPAA,
FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON OU,
AK FASON OU KA JWENN AKSÈ A ENFÒMASYON SA A.

- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou sante w bay lòt pwofesyonèl yo ki nan òganizasyon an nan bi pou ba w bon jan kalite swen sante.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou sante w bay konpayi asirans ou nan bi pou òganizasyon an resevwa peman pou sèvis swen sante nesèsè li te ba w.
- Si w peye pou yon sèvis oswa atik sante ki soti nan pòch ou anplèn, ou ka mande nou pou pa pataje enfòmasyon sa nan bi peman oswa aktivite nou avèk konpayi asirans sante w la.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou sante w bay ofisyèl lalwa yo nan ka yon investigasyon kote w se yon viktim abi, krim oswa vyolans domestik.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou sante w bay lòt founisè swen sante yo nan ka kote ou bezwen swen ijans.
- Nou ka kominike enfòmasyon konfidansyèl sou sante w bay yon òganizasyon sante piblik pou sèten sitiyasyon tankou nan ka yon evènman maladi atrapan, ede nan retire sou mache a yon pwodwi, rapòte reyaksyon negatif a medikaman ak prevni oswa redwi menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun.
- Nou pa p kominike enfòmasyon konfidansyèl sou sante w pou okenn lòt rezon ke sa ki idantifye nan avi sa a.
- Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante Pasyan (ESP) egzije otorizasyon w alekri; sèvi ak nòt sikoterapi, divilgasyon ESP pou fè maketing, ak divilgasyon ki konstitye yon lavant nan enfòmasyon ESP ou. Ou ka anile pèmasyon pou kominike enfòmasyon sou sante w a nenpòt kilè.
- Òganizasyon an ka fè w sonje nenpòt randevou, opsyon tretman sante oswa lòt sèvis sante ki kapab enterese ou.
- Òganizasyon an ka kontakte w nan bi pou ranmase lajan pou sipòte fonksyonman òganizasyon an. Ou ka refize pou resevwa jan de kominikasyon sa yo lè w swiv direksyon ki bay nan materyèl yo pou ranmase lajan.
- Ou gen dwa pou mete restriksyon sou itilizasyon enfòmasyon konfidansyèl sou sante w. Toutfw, òganizasyon an ka chwazi pou refize restriksyon w lan si l gen konfli pou ofri w bon jan kalite swen sante oswa nan ka yon sitiyasyon dijans.
- Ou gen dwa pou resevwa kominikasyon konfidansyèl sou kondisyon sante w.
- Ou gen dwa pou revize ak fè kopi nenpòt/tout pòsyon enfòmasyon sou sante w.
- Ou gen dwa pou fè chanjman nan enfòmasyon sou sante w.
- Ou gen dwa pou konnen kimoun ki te gen aksè nan enfòmasyon konfidansyèl sou sante w ak pou ki rezon.
- Ou gen dwa pou mete restriksyon sou divilgasyon plan sante w ak nenpòt ESP ki te kreye apati de yon sèvis ke w te peye pou li ak lajan ki soti nan pòch ou.
- Lalwa egzije pou òganizasyon an pwoteje konfidansyalite pasyan li yo. Li pral kenbe konfidansyèl nenpòt ak tout enfòmasyon sou sante pasyan an epi li pral bay pasyan an yon lis obligasyon oswa pratik ki pwoteje enfòmasyon sante konfidansyèl.
- Òganizasyon an pral notifiye pasyan (yo) lè yo dekouvri yon vyolasyon. Nou pral notifiye pasyan (yo) opli vit ke posib epi pa pita ke 60 jou de lè nou dekouvri vyolasyon an. Notifikasyon an pral gen ladann yon deskripsyon kout nan ki fason vyolasyon an te rive, yon deskripsyon de ESP ki te enplike, ak etap pasyan (yo) dwe pran pou pwoteje tèt yo kont danje. Notifikasyon an pral gen ladann tou kontak enfòmasyon pou moun k ap mande kesyon an.
- Ou gen dwa pou pote plent nan òganizasyon an si w kwè ke dwa prive w te vyole. Si w panse ke dwa prive w te vyole, tanpri voye plent ou bay òganizasyon an pa lapòs.

Ou ka soumèt tout plent yo alekri nan:

**ATANSYON: Ofisye sou Lavi Prive
Miami Jewish Health**

5200 N.E. 2nd Avenue, Miami, FL 33137

Oswa ou ka depeze yon plent avèk

U.S. Department of Health and Human Services

Office for Civil Rights lè w voye yon lèt nan 200

Independence Avenue, S.W., Washington, D.C.

20201, rele 1-877-696-6775, oswa vizite

www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/.

- **Nou pral egzamine tout plent yo.**
- **Nou pa pral penalize w paske w depeze yon plent.**
- **Nou pa pral fè vanjans paske w depeze yon plent.**

**Pou plis enfòmasyon sou Avi sou Lavi Prive sa a, tanpri kontakte:
Pam Harris, Ofisye sou Lavi Prive nan 305.751.8626, ext. 65299.**